

**PIWULANG SAJRONE SERAT NITISTRUTI  
(Tingkatan Sosiologi Sastra)**

**Jayanti Adji Utami, Dra. Suwarni, M.Pd**

Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah (Jawa)  
Fakultas Bahasa dan Seni  
Universitas Negeri Surabaya  
jayantiadji29@gmail.com

**Abstrak**

Salah sawijine reiptan sastra Jawa klasik yaiku *Serat Nitistruti* (banjur sinebut SNS). SNS minangka sawijine reiptan sastra piwulang saengga isine ngandhut piwulang kang gegayutan klawan morale manungsa, mula saka kuwi panliti njupuk irah-irahan Piwulang Sajrone SNS (Tingkatan Sosiologi Sastra). Adhedhasaran andharan kasebut, undheran paliten iki ing antarane yaiku: (1) apa SNS kuwi, (2) kepriye struktur teks SNS (3) apa wae piwulang kang tinemu ing *serat Nitistruti*. Ancasing panliten yaiku mangerteni kang gegayutan karo : (1) dheskripsi SNS (2) struktur teks SNS, (3) piwulang sajrone SNS.

Teori kang digunakake ing panliten iki yaiku pendhekatan Sosiologi Sastra saka Damono. Kanggo ngandharake ngenani struktur reiptan puisi kang kaperang maneh anane struktur lair lan batin nggunakake teorine Fowler. Kanggo njlentrehake puisi Jawa kang awujud Macapat kasebut nggunakake teori saka Susantina lan Padmosukotjo kang ngandharake ngenani *paugeran guru gatra, guru lagu lan guru wilangan* lan kang pungkasan teori piwulang saka Taimiyah. Panliten kualitatif tumrap panliten SNS nggunakake metodhe hermeneutik.

Asile panliten nuduhake deskripsi SNS kang njlentrehake ngenani pangriptane serat Nitistruti, wujud SNS lan ringkesan SNS. Struktur teks SNS yaiku nyakup struktur lair lan batin. Struktur lair gayutan karo wewujudan fisik teks SNS kang awujud tembang saengga mujudake gegambarane guru gatra, guru lagu lan guru wilangan. Struktur batin teks SNS gayutan karo watak sarta panganggone tembang. Piwulang kang ana gandheng rakete lawan moral kasebut kinandhut sajrone serat Nitistruti ing antarane (1) piwulang moral diri pribadi, (2) piwulang moral sosial, (3) piwulang moral agama. Perancangan kang kaping pindho yaiku piwulang kang dianggep trep tegese piwulang kang kinandhut sajrone SNS kasebut uga kaserat ana ing reiptan sastra liyane.

SNS mujudake reiptan sastra kang nduweni piguna kanggo menehi piwulang lan wewarah tumrap para pawongan sing maca. Piwulang kasebut mligine kanggo para masyarakat kang urip ing tengahing bebrayan. Saliyane kuwi kanggo para abdi dalem ing pamerintah lan trap-trapane tumindak kang becik kanggo raja minangka panguwasa. Bisa didudut yen SNS yaiku minangka serat sastra piwulang.

**PURWAKA**

**Landhesane Panliten**

Kasusustran Jawa mujudake gegambarane urip bebrayan masyarakat Jawa. Kasusastran bisa ditegesi minangka kagunan adi luhung kang dilairake sarana basa, arupa basa kang endah utawa basa kang edi peni (Padmosoekotjo, 1953: 9). Karya sastra mujudake asil reiptan imajinatif pangripta kang isine medharake apa kang dirasa lan dipikirake. Senadyan karya sastra minangka asil reiptan imajinasi pangripta, nanging reiptan sastra kasebut mujudake gegambaran kang dirasakake lan wujud pamikire pangripta saengga karya sastra ngandhut nilai-nilai piwulang kang pengin diwedharake dening pangripta lumantar karya sastra. Kahanan pangripta kang ana ing tengahing bebrayan kang dirasakake lan kang dipikirake minangka cikal bakal pangripta nulis karya sastra kanthi cara imajinatif.

Miturut Luxemburg (1989 :23), reiptan sastra bisa diwawas minangka gejala sosial. Sajrone ngripta karya sastra, pangripta ndeleng kahanan sosial kang dumadi sajrone masyarakat kang dadi inspirasi laire sawijine karya sastra. Sakabehe *fenomena* lan kadadeyan kang ana ing masyarakat didadekake objek sajrone karya sastra. *Fenomena* lan kadadeyan utamanane yaiku kadadeyan kang nuwuhake sejarah kang wis dumadi sajrone masyarakat minangka perangan kang *unik* yen didadekake objek karya sastra.

Masyarakat Jawa minangka peranganing masyarakat Indonesia kang nduweni maneka warna budaya. Salah sawijine wujud kabudayaan kang ana ing masyarakat Jawa yaiku sastra tulis. Salah sawijine asil karya sastra kang tuwuh amarga pangrembakane jaman yaiku sastra Jawa Klasik. Kasusastran Jawa klasik nduweni titikan yaiku asil reiptan sastra tulise nggunakake basa Jawa anyar kang kawiwitan ngrembaka ing

madyane abad XVI, anane tembang-tembang macapat kang nduweni sistim puitika kang beda karo karya sastra liyane..

Salah sawijine wujud karya sastra Jawa klasik yaiku Serat Nitisruti. Serat Nitisruti (sabanjure sinebut SNS) diripta dening Pangeran Karanggayam ing taun 1591 Masehi. Pangeran Karanggayam kang nduweni jeneng asli Pangeran Tumenggung Sujonopuro minangka pujangga ing jaman pamerintahan Kerajaan Pajang kang dipanguwasani dening Sultan Hadiwijaya (Joko Tingkir). SNS kang isine ngandhut piwulang kasebut wujud tembang macapat sarta gungunge ana 8 pupuh. Miturut Sudaryanto (2001: 644) *Niti* nduweni teges caraning panindak, pranatan ing masyarakat dene *Sruti* (Poerwodarminto, 1937: 583) nduweni teges kitab suci. Dadi bisa ditegesi yen SNS mujudake serat kang ngandhut tata caraning panindak lan pranatan ing masyarakat kang laras karo ajaran agama mligine Islam kang kinandhut sajrone kitab suci Al-Quran.

SNS mujudake salah sawijine reriptan sastra kang pangriptane meling kanggo para Raja supaya bisa mimpin kanthi becik lan nyelarasake kahanan urip kang ana ing tengahing bebrayan. Kang kaping pindho pangripta meling kanggo para masyarakat kang nduweni jebibahan ngabdi marang Rajane saliyane kuwi SNS uga ngandhut piweling tumrap manungsa kang ora bisa urip tanpa manungsa liyane, sarta nindakake samubarang kang diprentahake kitab suci agama Islam yaiku Al-quran. Piweling-piweling kang kinandhut kasebut mujudake piwulang tumrap Raja, Abdi sarta manungsa liyane kanggo nggayuh katentreman sarta kasantosane urip bebrayan. Adhedhasar andharan kasebut, bisa dimangerteni alasan panliten nggunakake objek iki yaiku isi SNS iki narik kawigaten banget yen digayutake menawa sastra nduweni sesambungan karo bab-bab kemasyarakatan. Kaping pindho, SNS iki ngandhut piwulang tumrap bebrayan agung.

Panliten kanthi objek Serat Nitisruti iki nggunakake titingan Sosiologi Sastra lan dianalisis sarta diandharake kanthi cara dheskriptif. Saliyane kuwi, panliten iki nggunakake teori *Hermeneutik* amarga dirasa laras lan cocok kanggo nitingi karya sastra kalebu *Serat Nitisruti*. Panliten sastra luwih nengeneke penafsiran supaya bisa mangerteni isi kang kinandhut sajrone objek. Adhedhasar andharan kang wis dijlentrehake ing dhuwur kasebut Serat Nitisruti banjur dititingi kanthi irah-irahan "*Piwulang Sajrone Serat Nitisruti (Titingan Sosiologi Sastra)*"

SNS kang bakal diteliti ing kene yaiku awujud serat kang wis dialih aksarakake arupa tulisan *latin*. SNS arupa serat terbitan ilmiah sajrone *Proyek Penerbitan Buku Wacan Sastra Indonesia lan Daerah* kang dialih aksarakake dening Kamajaya taun 1979. SNS kang isine ngenani piwulang iki, nduweni gegayutan antarane karya sastra lan masyarakat. Pokok-pokok piwulang kang ana kasebut laras karo kahanan bebrayan kawuri sing dadi pathokane laku tumindake pawongan.

#### **Underane Panliten**

Adhedhasar andharan ngenani lelandhesan panliten ing ndhuwur mau, mula perlu diwedharake undering panliten kang bakal diteliti ing panliten iki. Jlentrehe undere panliten ing antarane ngisor iki .

- (1) Apa SNS kuwi?
- (2) Kepriye struktur teks sajrone SNS? Apa wae piwulang kang tinemu ing SNS?

#### **Tujuwan Panliten**

Adhedhasar undere masalah kang ana ing ndhuwur, tujuwan panliten kang pengin diwujudkan dening panliten yaiku kaya ing ngisor iki.

- (1) Mangerteni dheskripsi ngenani SNS
- (2) Mangerteni Struktur teks SNS
- (3) Mangerteni piwulang kang kinandhut sajrone SNS

#### **Paedahe Panliten**

Saben panliten mesthi nduweni paedah saka babagan bidhang kang diteliti. Paedah panliten kasebut bisa ndadekake kita luwih mangerteni ngenani objek kang diteliti. Sawise maca panliten iki, diajab bisa menehi paedah kanggo para pamaca. Paedah panliten kaperang dadi loro yaiku paedah teoritis lan paedah praktis. Paedah-paedah panliten kasebut diandharake kaya ing ngisor iki.

- (1) Paedah Teoritis

Panliten iki dikarepake bisa menehi paedah kanggo panliten-panliten sastra Jawa mligine babagan kasusastran Jawa Klasik, saliyane kuwi bisa nambah pengalaman lan pangrembakane ilmu mligine ngenani reriptan sastra Jawa klasik kanthi titingan Sosiologi Sastra.

- (2) Paedah Praktis

Panliten iki nduweni paedah kanggo nggampangake pamaca supaya luwih mangerteni ngenani dheskripsine SNS, mangerteni struktur teks SNS lan kang pungkasan bisa mangerteni piwulang kang kinandhut sajrone SNS.

### **Wewatesan Tembung**

Wewatesan tembung sajrone panliten iki digunakake kanggo menahi watesan supaya panliten anggone nлити SNS ora salah anggone mawas. Tetembungan iki ana gayutane karo panliten kang ditindakake.

- (1) Serat ateges layang (Sudaryanto, 2001: 947).
- (2) Piwulang ditegesi minangka pitutur, wewarah, utawa pasinaon (Sudaryanto, 2001: 829).
- (3) Nitistruti saka tembung Niti ateges caraning panindak, pranatan ing masyarakat, dene sruti saka tembung kitab suci. Nitistruti salah sawijine irah-irahan serat kang dipangriptani dening Pangeran Karanggayam taun 1513 saka.

### **TINTINGAN KAPUSTAKAN**

#### **Struktur Reriptan Sastra**

Ing ndonyane kasusastran, puisi minangka salah sawijine jinis reriptan sastra. Secara etimologis, puisi asale saka basa Yunani “*poema*” kang nduweni teges “*ngripta*” utawa *poesis* kang tegese “*reriptan*”. Sajrone basa Inggris sinebut poem utawa poetry (Sugiyanto, 2011: 23). Puisi yaiku reriptan sastra kang awujud tulisan kang nengenake kaendahan tetembungan sajrone isi. Diandharake kanthi cara teges wantah utawa entar, pangripta nduweni tujuan mbabar apa kang dirasakake lan kahanan kang dirasakake pangripta nalika ngripta puisi kasebut. Waluyo (sajrone Sutejo lan Sugiyanto, 2011: 24) ngandharake yen puisi minangka wujud reriptan sastra kang mbabar pikiran lan pangrasa pangripta kanthi cara imajinatif lan kasusun kanthi nengenake basa sajrone struktur fisik lan struktur batin. Fowler ngandharake yen struktur fisik (lair) yaiku wujud basa kang *konkreat*, minangka perwujudan basa, performansi kabasan. Struktur batin diandharake uga minangka makna abstrak saka ukara (basa) kang pengin diwedharake dening pangripta (Nurgiyantoro, 2007:278).

Puisi kang ana ing jaman kasusastran Jawa klasik sinebut tembang macapat. Miturut Susantina (2009:1-2) tembang macapat kang kawentar ana 11 jinis ing antarane (1) Dhandhanggula, (2) Sinom, (3) Asmarandana, (4) Kinanthi, (5) Pangkur, (6) Durma, (7) Mijil, (8) Maskumambang, (9) Pocung, (10) Gambuh lan (11) Megatruh. Struktur lair ing tembang macapat mujudake kahanan lair tembang kasebut kang ana gandheng rakete karo paugeran tertamtu ing jinis-jinise tembang macapat. Antarane macapat siji lan liyane nduweni titikan kang beda adhedhasar jinise kayata (1) guru gatra (cacahing gatra saben sapada), (2) guru wilangan (cacahé wanda saben sagatra), banjur kang pungkasan yaiku (3) guru lagu (tibane swara vokal (a, i, u, e, o) saben pungkasane gatra).

Perangan kang kaping pindho struktur reriptan puisi Jawa yaiku struktur batin. Struktur batin gayutan lawan makna kang pengin diwedharake dening pangripta. Struktur batin tembang macapat gayutan lawan watak lan

panganggone tembang kang saben jinisi nduweni pambeda.

#### **Sosiologi Sastra**

Salah sawijine pendekatan kang asring digunakake kanggo nitingi reriptan sastra yaiku sosiologi sastra. Miturut Damono (1978:6) Sosiologi yaiku telaah kang objektif lan ilmiah ngenani manungsa lan masyarakat. Kaya dene sosiologi, sastra uga nduweni gegayutan karo manungsa sajrone masyarakat sarta dayane manungsa kuwi dhewe kanggo ngowahi masyarakat. Dadi bisa ditegesi yen sosiologi sastra saka tembung sosiologi lan sastra kang objeke padha yaiku ngenani gegambarane masyarakat lan perkara-perkara kang ana ing tengahing bebrayan kang kinandhut sajrone reriptan sastra.

Pamarekan sosiologi sastra asring ditindakake ing panliten sastra amarga sosiologi sastra menahi kawigaten kang luwih tumrap dokumenter sastra adhedhasar panemu yen sastra minangka kaca benggala ing jaman kawuri (Damono, 1978:8). Gayutane sastra lan panggone basa sajrone reriptan sastra yaiku minangka piranti kang bisa ditegesi yen titikan sosial kinandhut sajrone basa mujudake saranane komunikasi. Basa sastra sejatine ora ana basa kang mligi nanging sing ana yaiku basa kang kasusun kanthi mligi saengga mujudake makna-makna tertamtu. Adhedhasar andharan ing ndhuwur mau bisa kadudut yen sosiologi sastra yaiku sawijine pamarekan kang digunakake kanggo nitingi reriptan sastra kang ngudhal ngenani gegambarane lan perkara sosial masyarakat kang kinandhut sajrone isi karya sastra

#### **Hermeneutik**

Hermeneutika minangka metode kang kerep digunakake kanggo nitingi panliten sastra. Hermeneutika kanthi etimologis asale saka tembung *hermeneuein* basa Yunani kang ditegesi napsirake utawa interpretasikake. Dene yen hermeneutika kanthi mitologis (ibid) digayutake karo Hermes minangka Dewa Yunani kang nduweni jejibahan nggethok tularake pesen Ilahi kanggo manungsa (Ratna, 2013: 45).

Miturut Ricouer (2012: 57) hermeneutika minangka teori ngenani cara mangerteni sarta nafsirake teks. Hermeneutik kawiwitan manggon ing basa mligine ing basa tulis. Pirembungan ngenani hermeneutik mujudake konteks kang selektif kanggo nemtokake nilai kang kinandhut ing tetembungan kasebut sajrone amanat kang digambarake dening pangripta teks.

Hermeneutik ora nengenanke tintingan makna kang paling bener, nanging nitingi makna kang paling optimal. Penapsiran dumadi amarga

saben subjek utawa saben manungsa nduweni pamawas kang beda-beda. Pamawas kang beda-beda mau bisa nuwuhake maneka werna penafsiran makna kang nambahi kualitas, etika, lan logika (Ratna, 2013: 46).

### Sastra Piwulang

Sastra mujudake sawijine seratan utawa tetembungan kang nduweni nilai seni lan budaya sarta kaendahan kanthi makna tertamtu. Piwulang yaiku pitutur, wewarah, utawa pasinaon (Sudaryanto, 2001: 829). Miturut Hasbullah (2005:1) piwulang kanthi cara sedherhana bisa ditegesi carane manungsa kanggo nuntun tumindak dhewe supaya bisa laras karo nilai masyarakat lan kabudayan kang wis ana. Piwulang nduweni tujuwan yaiku menahi gambaran ngenani nilai kang luhur, bener, pantes, tumrap uriping manungsa (Tirtarahaja, 2005: 37).

Taimiyah (sajrone Rosyid, 2004: 77) ngandharake yen piwulang nduweni gegayutan antaraning manungsa karo sapadha, lan masyarakat ana kang kanthi cara religius. Manungsa minangka punjering piwulang saengga manungsa utawa masyarakat bisa ngrembaka sajrone proses *individualitas*, *sosialitas* lan *religiusitas*. Proses kasebut bisa nuwuhake kebudayaan kang ngunjuk marang masyarakat yaiku mbentuk manungsa kanthi pribadi kang *ideal*.

Reriptan sastra minangka sarana kanggo menahi piwulang ngenani uripe manungsa ing bebrayan agung. Piwulang ngenani uripe manungsa sajrone reriptan sastra bisa menahi pawarta babagan sakabehing piwulang kayata politik, sejarah, budaya, agama, lsp. Pangrembakane jaman ndadekake piwulang sing biyasane mung ana ing sekolah uga bisa disinauni saka buku, medhia sosial, lan liya-liyane. Buku utawa wacan paling akeh ngandhut piwulang kang nyata, amarga umume tulisan kang ana ing buku utawa wacan nduweni tujuwan uga amanat dening pangriptane. Kajaba buku utawa wacan kang kacethak modern, buku utawa wacan lawas uga ngandhut piwulang-piwulang kang becik tumrap manungsa ing bebrayan agung. Cara mikolehi pasinaon sajrone piwulang uga maneka, kayata neng ngendi panggonane, kapan, kanthi cara kepriye, lan liya-liyane.

### Masyarakat Jawa

Masyarakat yaiku kekumpulane pawongan kang manggoni papan dhaerah kang padha saengga nduweni sistim adat lan budaya kang padha dene kang sinebut masyarakat Jawa nduweni teges kekumpulane pawongan kang manggoni tlatah Jawa bageyan tengah nganti Jawa bageyan wetan kang percaya lan kaiket sistim adat lan kabudayan Jawa. Panjlentrehane ngenani masyarakat Jawa uga golongane kapera akeh banget. Kaya dene sistim kapitayan utawa agama kang dianut, sistem kabudayan, sistem pangupa jiwa lan liya-liyane.

Masyarakat Jawa kaperang dadi rong golongan sosial yaiku golongan wong cilik lan kaum priyayi. Golongan wong cilik kang kalebu ing perangan iki

tuladhane kayata tani. Golongan kaping pindho yaiku kaum priyayi, kayata kaum pegawe lan wong-wong intelektual (Suseno, 2003: 12).

Hildren Geertz (sajrone Suseno, 2003: 38) ngandharake yen ana rong kaidah kang paling nemtokake pola sesrawungan sajrone masyarakat Jawa. Kaidah kang kapisan njlentrehake yen manungsa kudune tumindak kang prasoja supaya ora nuwuhake perkara ing tengahing bebrayan. Kaidah kaping loro njlentrehake yen manungsa ing pocapane kudu tansah mpan papan nuduhake rasa kurmat marang wong liya kang laras karo drajat sarta kalungguhane.

### Landhesane Teori

Lelandhesan teori minangka cara kang digunakake kanggo ngrampungake perkara-perkara kang ana sajrone panliten. Panliten kang nggunakake objek *Serat Nitistruti* iki nggunakake tintingan Sosiologi sastra. Teori ngenani Tintingan sosiologi sastra dening Damono tumrap panliten SNS iki diajab bisa ngudhal ngenani perkara-perkara kang ana ing masyarakat sajrone karya sastra sastra.

Kanggo ndhudhah perkara sajrone SNS digunakake teori saka Nurgiyantoro kang ngandharake struktur puisi. Kanggo ndhudhah piwulang kang kinandhut nggunakake teori piwulang saka Taimiyah kang merang piwulang ana telu, *individual*, *sosialitas* lan *religious*. Kajaba kuwi kanggo ngrembug perkarakang ana sajrone SNS mbutuhake sawijing piranti. Piranti kang dimaksud ing kene yaiku salah sawijine metode kang digunakake. Panliten SNS iki nggunakake metode *hermeneutika* saka Ratna. Kanggo ngandharake panliten kanthi objek SNS kang awujud reriptan puisi Jawa ing kasusastran Jawa klasik iki mbutuhake penafsiran kanggo negesi maksud kang kinandhut sajrone SNS kasebut.

## METODHE PANLITEN

### Ancangan Panliten

Ancangan panliten digunakake kanggo nggampangake panliti anggone nindakake panliten. Panliten iki asipat kualitatif kang luwih nengenanke isine reriptan sastra, sarta digayutake karo kahanan nyata sajrone bebrayan. Metode kualitatif menahi kawigaten tumrap data alamiah, data sajrone sesambungane karo konteks kang ana. Sajrone ilmu sastra sumber datane ana ing reriptan, naskah lan data panliten minangka data formal yaiku tetembungan, ukara, lan wacana.

Ratna (2013:4) ngandharake yen panliten kualitatif dhasare padha kaya metode hermeneutika kang nduweni teges secara jangkep manfaatake cara-cara penafsiran kang nyuguhake

ing wujud deskripsi. Panliten iki nggunakake teori struktur reiptan sastra kang kaperang dadi loro, yaiku struktur fisik (lair) lan struktur batin. Ing pungkasan panliten kang ditindakake kanthi metode kualitatif lan teori struktur reiptan sastra bakal njlentrehake asile panliten adhedhasar data arupa tembang macapat yaiku maneka warna piwulang kang digambarake ing serat Nitisruti.

#### **Sumber Dhata lan Dhatane Panliten**

Dhata utawa bahan kang bakal diteliti tumrap panliten mbutuhake sumber data. Sumber data sajrone panliten yaiku subjek saka ngendi data dijupuk. Sumber data tumrap panliten iki yaiku teks SNS sing wis dialih aksarakake dening Kamajaya kang diterbitake dening program *Proyek Penerbitan Buku Wacan Sastra Indonesia lan Dhaerah* dening Departemen Pendidikan dan Kebudayaan ing taun 1979 kanthi irah-irahan buku *Serat Nitiprana*, nanging ing kaca kaca 35 nganti pungkasan kaca nduweni irah-irahan liya yaiku *Serat Nitisruti*. *Serat Nitisruti* awujud tembang macapat gunggungane ana 8 pupuh lan 96 kaca. Metrum tembang kang digunakake yaiku Dhandhanggula, Sinom, Asmaradana, Mijil, Durma, Pucung, Kinanthi, lan Megatruh.

Dhata kang digunakake sajrone panliten SNS iki arupa pethikan-pethikan pada perangane isi kang arupa tembang macapat kang ana gayutane lawan piwulang. Dhata mujudake perangan kang wigati minangka dhata formal kang awujud tembung lan ukara ing sajrone panliten sastra. Ing panliten iki nuduhake menawa tembung-tembung lan ukara awujud tembang macapat kasebut mujudake dhata kang utama.

#### **Tata Cara Ngumpulake Dhata**

Tata cara pangumpulan dhata kang digunakake ing panliten iki yaiku *teknik pustaka*. Teknik pustaka minangka teknik pangumpulan data kang nggunakake sumber data kang katulis (kapustakan). Endraswara (2008, 162-163) merang tata cara kanggo ngumpulake data panliten iku ana telu, yaiku :

- (1) Nemtokake Unit Analisis  
Saka sakabehing dhata kang dikumpulake banjur diperang maneh supaya nggampangake panliti anggone ngklasifikasikake dhata kang bakal diteliti.
- (2) Nemtokake Dhata  
Saka sakabehing dhata kang dikumpulake banjur diperang dadi loro, dhata premir lan dhata sekunder utawa data panyengkuyung. Dhata premier awujud serat kanthi irah-irahan serat Nitisruti lan data skunder yaiku dhata-dhata kang ana gayutane karo piwulang laras karo undherane panliten.
- (3) Nyathet Dhata  
Nyathet dhata kanthi cara (1) latian kanthi bener supaya bisa nyathet kanthi tliti, (2) nyathet bab-bab kang nuduhake pesen lan makna simbolik, (3) Nyathet tembung-tembung kang ora dimangerteni.

Bisa kadudut yen tata cara ngumpulake data ing panliten iki yaiku kanthi cara :

- (a) Maca Serat Nitisruti kanthi dibolan-baleni lan wutuh saka perangan awal nganti pungkasan kanthi cetha lan nemokake apa kang dadi kekarupane isi kang kinandhut sajrone serat.
- (b) Milah lan milih perangan saka isi serat ditintangi supaya antuk data kang diperlokake.
- (c) Nyathet dhata-dhata kang nduweni gegayutan lan dibutuhake kanggo panliten.

Nglompokake dhata sing diperlokake kanthi trep kang ana gegayutane karo undering panliten.

#### **Tata Cara Pangolahaning Dhata**

Tata cara pangolahaning data mujudake cara kanggo nindakake panliten supaya antuk asil kang bener lan laras karo tujuwan panliten. Miturut Ratna (2013:339) kanthi tetimbangan yen sosiologi sastra yaiku nganalisis reiptan sastra kang ana gegayutane karo masyarakat, mula modhel analisis kang bisa ditindakake ana telung macem ing antarane yaiku (1) nganalisis perkara –perkara sosial kang kinandhut sajrone reiptan sastra, banjur digayutake karo kasunyatan kang tau kadadeyan. Umume sinebut aspek ekstrinsik, modhel sesambungan kang tau kadadeyan sinebut refleksi, (2) kaya dene perangan kang kapisan nanging cara nemokake gegayutan ing antarane struktur, ora aspek-aspek tertamtu, kanthi sesambungan kang asipat dialektika, (3) nganalisis reiptan kanthi tujuwan kanggo mikolehi informasi tertamtu, kang ditindakake kanthi disiplin tertamtu dene teknik analisis dhata ing panliten iki sawise dhata dikumpulake lan slaras karo undheraning panliten, anggone ngolah data kanthi cara ing ngisor iki:

- (1) Analisis dhata kang wis diinventarisasi, amarga sajrone menehi tandha lan inventarisasi dhata wis nganggo konsep sosial ngenani piwulang.
- (2) Interpretasi dhata- dhata kang laras karo lelandhesan teori kang wis diandharake. Dhata panyengkuyung ing kene yaiku konsep-konsep piwulang.
- (3) Ngandharake asil analisis nggunakake metodhe hermeneutik kanthi runtut ngenani underaning panliten kang ditemtokake.
- (4) Njlentrehake asil analisis wujud draf skripsi.

#### **Tata Cara Nulis Asile Panliten**

Tata cara nulis asiling panliten minangka paugeran supaya panliten katulis runtut. Tata cara nulis asiling panliten ing kene katindakake sawise mikolehi sumber data, nglumpukake data lan sawise ngolah data. Andharan kanthi runtut ngenani analisis sajrone panliten iki yaiku :

- (1) Bab I minangka purwakane panliten kang ngandhut sub-sub bab ing anatarane yaiku lelandhesan panliten, undheran panliten, ancasa panliten, paedah panliten, lan wewatesan tembung.
- (2) Bab II minangka bab kang ngandharake ngenani tintingan kapustakan kang ngandhut sub-sub bab panliten saemper lan konsep kang nduweni gegayutan karo teori sosiologi sastra.
- (3) Bab III minangka metode panliten kang ngemot sub-sub bab ing antarane ancangan panliten,

- sumber dhata lan dhata, tata cara nulis asiling panliten.
- (4) Bab IV minangka bab kang ngandharake asile panliten kang kaperang telu laras karo undering panliten ing antarane yaiku (1) deskripsi SNS, (2) struktur teks SNS, (3) piwulang kang tinemu sajrone SNS.
  - (5) Bab V minangka bab kang pungkasan yaiku ngemot bab panutup kang isine ngenani dudutan lan pamaryoga sakabehe andharan asiling panliten

## ANDHARAN ASILE PANLITEN

### Serat Nitistruti

#### a. Pangripta

SNS mujudake salah sawijine reriptan sastra kang antuk wigati saka Pemerintah Daerah. SNS kang wiwitane awujud aksara Jawa kasebut dialih aksarakake kanthi tulisan latin dening Kamajaya. *Proyek Penerbitan Buku Wacan lan Sastra Indonesia lan Daerah* ing taun 1979 kasebut ngasilake maneka warna reriptan awujud teks kanthi terbitan ilmiah kang salah sijine yaiku Serat Nitistruti (SNS). SNS sawijine reriptan sastra daerah kang asale saka Boekhandel Tan Khoen Kediri kang diterbitake awujud seratan ilmiah kanthi tujuan supaya bisa dadi panjangkep usaha pemerintah nyiptakake minat para pamaos lan apresiasi masyarakat tumrap reriptan sastra Jawa..

Serat Nitistruti punika anggitanipun Pangeran Karanggayam, Pujangga ing jaman Pajang, kalebet Walinuba, tegesipun Wali anakan. Serat wau isi wulang warna-warni, inggih isi kawruh lahir batos, ingkang kangge ing jaman samanten (SNS, 1979: 81)

Pethikan ukarakang minangka manggalane serat awujud *prosa* ngandharake ngenani pangripta, taun diriptane sarta dudutan isi serat kang minangka serat piwulang kasebut. Pethika kasebut negesi yen SNS diripta dening salah sawijine pujangga yaiku Pangeran Karanggayam ing jaman Pajang. Pangeran Karanggayam kalebu *walinuba* utawa Wali anakan. SNS kang dipangripta dening Pangean Karanggayam kasebut ngandhut piwulang kang maneka warna tumrap bebrayang agung.

.....  
Nujweng ari Budhaka manis,  
Sura candra purnama,  
Ing warsaka wawu,  
Punang sangkala kaetang,  
Bahni maha astra candra duk manganggit,  
Nitistruti pustaka (P.1.4)

Pethikan kasebut tegese pungkasane ing sawijine dina ing petungan Jawa yaiku Rebo Legi sasi Sura taun Wawu 1513 *saka* (1591 M) diripta *Serat Nitistruti* iki.

#### a. Wujud

SNS mujudake sawijine serat ing Jaman kasusatan Jawa anyar kang antuk wigatine pamerintah

saengga serat kang kawiwitane awujud tulisan aksara Jawa dialih aksarakake tulisan *latin* banjur dicethak rapi awujud buku terbitan ilmiah. Padatane yen reriptan sastra Jawa klasik reriptan sastrane awujud tembang macapat. Laras klawan SNS kang nuduhake pupuh-pupuh tembang macapat ing antarane Dhandanggula, Sinom, Asmarandana, Mijil, Durma, Pucung, Kinanthi, lan Megatruh.

SNS kang wujud arupa tembang macapat kasebut gunggung ana 250 pada. Gunggunging pada ing pupuh kang kinandhut maneka warna. Ana 31 pada pupuh Dhandanggula, 34 pada pupuh Sinom, 35 pada pupuh Asmaradana, 27 pada pupuh Mijil, 23 pada pupuh Durma, 38 pada pupuh Pucung, 22 pada pupuh Kinanthi lan 40 pada pupuh Megatruh. Andharan ngenani wujud SNS kang katulis pupuh mbaka pupuh katuduhake ing serat SNS awujud terbitan ilmiah kawiwitan ing kaca 79 nganti 131. Kaca kapisan katuduhake irahan-irahan serat, banjur manggalane serat kang nyritakake ngenani sapa sing ngripta, taun lan inti piwulang saka SNS kang minangka salah sawijine reriptan sastra piwulang. Manggalane serat awujud *prosa* banjur pupuh mbaka pupuh kajlentrehake knag kawitan yaiku Dhandanggula nganti kang pungkasan yaiku Megatruh.

#### b. Ringkesan Isi Dhandanggula

. Kasejahteran lan kasantosan gunanane kanggo njunjung drajate manungsa sarta negara ning aja nganti nglalekake tata urip tinggalane leluhur kang wis kawentar dadi pathokane wong ngaurip. SNS diripta ing dina Rebo Legi sasi Sura taun wawu 1513 *saka* utawa 1591 Masehi. Piwulang kang kinandhut sajrone SNS minangka piwulang kang digambarake kanggo para winasis sarjana sujana kang kudu nduweni watak kang unggul lan luhur. Para winasis kang watake kaya mangkono nduweni manfaat tumrap masyarakat lan negarane. Saliyane kuwi uga ngandhut cara-cara kang perlu ditindakake dening pawongan supaya dadi pawongan kang tansah njunjung drajate bangsa lan Negara.

#### Sinom

Watak sombong lan ngendel-endelake kekuwatan digambarake kaya dene patih Koja. Patih Koja yaiku patih saka kerajaan Mesir kang kapinterane sarta kauletane nata sawijine negara saengga pocapan lan ajarane minangka pituduh kanggo rakyat kang ana ing negarane. Patih Koja dicritakake patih kang sabar, tenang, pocapane alus sarta dianggep pawong kang wicaksana. Patih Koja nduweni ciri yaiku tindak tanduke nggunakake petungan yen pengin nggayuh samubarang sarta ninggalake tumindak kang bener.

#### Asmarandana

Abdi kudu tansah pasrah marang apa kersane raja. Manut lan nuruti lakune raja amarga sejatine raja minangka pawongan kang nduweni wewenang kanggo menehi urip sarta mati rakyat. Anggone ngabdhi kudu manteb lan setia ing batine, pasrah lan kudu nyadhari yen minangka abdine raja kang urip sarta matine dikuwasani dening raja.

### Mijil

Babagan abdi kang serakah lan sombong mujudake tuladhane tumindak kang ndadekake ora antuk kapercayane raja. Kang dipercaya dening raja yaiku perlu olah budi lan pakerti yen aneng kahanan kang dianggep nyimpen wadi. Tansah waspada, ati tansah awas lan tajem ing pangrasa, mangerteni samubarang kang dianggep njlimet. ...

### Durma

Turunane bangsa kang luhur yaiku wong kang rasa atine sarta pamikirane dhuwur. Ana kang wis awas lan waspada ing pangawase yaiku kang pinter mangerteni praupan, bisa ngira-ngira lan bisa njaga katentremane samubarang kang dideleng. Kang kaya mangkono asring siebut perjuwangan negara, kang anggone cecaturan lancar aneng wawanrembug lawan raja, kaya-kaya bisa ngrampungake perkara lan ngayahi ewonan mungsuh kang pinter ngatur siyasat. ...

### Pucung

Ing urip bebrayan watak kang dianggep luhur yaiku manungsa kang bisa nggawe atine pawongan liyane seneng. Sapadha titiahe gusti aja dibeda-bedakake, tansah paring asih lawan wong tuwa, wong jompo kang tanpa daya uga kanggo para bocah yatim sarta fakir miskin perlu diwenehi pitulungan adhedhasar kemampuan. Kanggo wong kang salah perlu diwenehi pangapura. Sejatine tumindak kang kaya mangkono kasebut mujudake inti saka nindakake tapa kang sabener. ...

### Kinanthi

Patuladhan kang kaping pindho yaiku wewatekane Sanghyang Yama yaiku Dewa kang teguh nyebarake ukuman dhendha pidana kanggo para pawongan kang nindakake kadurjanan. Senaosan sanak kadang yen tumindak ora bener sarta nindakake kadurjana uga kudu diukum yen perlu diukum mati. Saben dinane tugase nliti, mriksa sarta ngadili pawongan kang luput. ...

### Megatruh

Hastabrata aja nganti ditinggalae kang kinandhut sajrone buku SNS kang dijupuk inti lan maknane. Apa maneh minangka pawongan kang nganut agama Islam, agama kang luhur. Ana uga pawongan kang ora nganut agama Islam nuladhani 8 tata tumindak kang diandharake ing ndhuwur. Mula kuwi aja nganti gelem kalah karo pawongan kang ora nganut agama Islam ning nganut ajaran hastabrata. Agama Islam yaku agama kang luhur ora ana tandhingane sajrone ngumpulake ilmu lan kaweruh sejahterane lair lan batin. ...

### Struktur Teks

SNS bakal dirembug struktur reriptan sastrane kang kaperang dadi loro, yaiku struktur lair lan struktur batin. Struktur lair mujudake perangan kang gegayutan karo reriptan sastra. Struktur lair minangka unsur pambangun reriptan sastra kang luwih nengenake marang kahanan wujud. Wujud laire sastra dumadi saka wewujudan kang endah lan nduweni kekeperangan tertamtu. Paugeran minangka tata aturan kang kudu dicakake nalika nindakake samubarang. Kaya dene

paugeran sajrone tembang macapat mujudake aturan kang kudu dicakake nalika ngripta tembang macapat. Paugeran kang ana sajrone tembang macapat yaiku anane guru gatra, guru wilangan lan guru lagu. Katelu paugeran kasebut nuduhake titikan tembang macapat sarta nuduhake jinise tembang macapat saengga bisa didudut yen paugeran tembang macapat mujudake struktur lair tembang macapat.

Miturut paugeran kang wis dijlentrehake ing ndhuwur yen saben tembang macapat nduweni paugeran tertamtu kaya dene pupuh Dhandhanggula kang uga nduweni paugeran ing antarane guru gatrane 10, banjur guru wilangan lan guru lagune 10i, 10a, 8e, 7u, 9i, 7a, 6u, 8a, 12i, lan 7a. Laras karo pupuh Dhandhanggula kang ana sajrone SNS. Pupuh Dhandhanggula sajrone SNS ana 31 *pada*. Ing ngisor iki pethikan salah sawijine *pada* pupuh kang laras lawan paugeran kang wis kawentar.

Mamanising wasita kaesthi,  
nitistruti kang sinudarsana,  
tinulas ing sapantese,  
pinetan kang pakantuk,  
lan jamaking jaman samangkin,  
tujuning kamejengan,  
asedya arjayu,  
yuwaning nuswa jawa,  
away kongsi kalantur-lantur kawuri,  
kewraning pngawikan (P.1.1)

Perangan kang kaping pindho yaiku struktur batin kang jlentrehake ngenani watak sarta panganggone tembang. Tembang Dhandhanggula nduweni watak luwes lan sirep dene panganggone tembang dhandhanggula tumrap carita kang surasane kepriye wae bisa luwes, lumrahe kanggo medharake piwulang, gandrungan lan kanggo panutuping karangan kang sinawug ing tembang (Padmoesokotjo, 1953: 12).

Tembang Dhandhanggula kang ana sajrone SNS ora katuduhake menawa dadi panutupe reriptan nanging malah kosok balene yaiku pambukane reriptan SNS. Pethikan kasebut katuduhake kaya ing ngisor iki.

Nalarin ing serat ing ngaran Nitistruti,  
lire iya jatining wiweka,  
iku pan dadi ambeka,  
para pandhita putus,  
tyasnya pindha candhana adi  
sanadyan tinegora,  
pinecela muhung,  
asung ganda marbuk ngambar,  
wit tyas wiyar esik lir akasa keksi,  
kesisan ima manda (P.1.8)

Gilutane angelung pangawrin,  
myang jroning tyas tan pegat tumendah  
asung kadarman ring akeh,  
saking sampun amungkur,  
sumingkiring ring reh tan yukti,  
tyasnya sukci legawa,  
para marta arum,  
berbudi bawa leksana,

myang dyatmika nirmala ngumala wening,  
yayah pasthika maya. (P.1.9)

Pethikan pada pupuh Dhandhanggula kasebut tegese minangka tata urip kang sejati kang dadi wateke para sarjana sujana. Atine kaya dene wit cendhana kang ditegor ananging tetep angganda arum, amarga jembar atine, resik, lan kaya dene angkasa kang katon endah. Piwulang digambarake kaya dene ganda kang arum rumesep ing ati ora ana enteke. Menehake darma bhaktine kanggo para pawongan kang wis ninggalake babagan kang ala. Atine resik lan suci, asih marang sesama, tansah tulung tinulung sapatdha manungsa kang mbutuhake pitulungan. Kaya mangkono kasebut sipat-sipate.

Tembang Dhandhanggula sajrone tuladha iki nuduhake piwulang kang luwes anggone medharake. Pamawas kaya mangkono iku bisa katuduhake saka andharan kang diwedharake dening pangripta yen SNS nduweni isi kang mujudake pitutur ngenani tatanan urip kang sajati kang dadi wateking para sarjana sujana. Pangripta menahi piwulang yen kaya mangkono wewatekaning para sarjana sujana. Atine resik ora nduwe rasa sirik ati, tansah asih marang sesama lan tulung-tinulung marang wong kang mbutuhake pitulungan

### Piwulang Sajrone SNS

#### Piwulang Moral Diri Pribadi

Piwulang moral pribadi gayut lawan diri pribadi manungsa kang bisa dipengaruhi kahanan papan panggonane. Piwulang ing sawijine papan panggonan ora padha karo papan panggonan liyane kang ateges saben panggonan nduweni aturan dhewe-dhewe.

#### a. Nyingkiri Watak Adigang Adigung Adiguna

Tyas kumlungkung kumawagya,  
luwih maning lamun uwis,  
mungwing luhuring turangga,  
ngembat watang numbak siti,  
katon esthanya kadi,  
kurang mungsuhingngapupuhm,  
anyanderaken kuda,  
mamprung alok cerik-cerik,  
kang mangkana mung samono notoging  
prana. (P.2.1)

Dhapur amerang lengenan,  
para tandang nyanyampahi,  
tandha candhula-candhala,  
kumawawa angarani,  
sabar mring liyan janmi,  
tan wruh lamun dhewekipun,  
katon ing jerihira,  
angucira nora wani,  
kang mangkana iku tingkah tan prayoga.  
(P.2.2)

Pethikan kasebut tegese wewatekan kang sombong lan ngaku yen dheweke luwih wani kaya dene yen wis nunggangi jaran. Pawongan kasebut nggawa tombak lan ngencepake ing lemah kaya-kaya

kurangen mungsuh ing paprangan. Jaran dikencengi playune nanging mung ana sapucuk rasa kendele. Wujud paprangan kang kaya mangkono iku, nanging tindakane kaya dene reregetan, kang nuduhake tandha watak kang asor.

Adhedhasar pethikan kasebut nuduhake yen pangripta nggambarake kepriye watak congkak. Congkak amarga kalungguhan kaya-kaya ora ana wong sing paling digdaya kajaba dheweke, ora ana wong kang luwih pinter lan rumangsa dheweke sing paling sugih bandha donyane. Watak kasebut nuduhake watak adigang adigung adiguna kang kudu disingkiri

#### b. Mantep ing Ati

Mantep ing ati nduweni teges rasa kang mantep anggone nemtokake pilihan. Ora ragu yen wis nduweni pilihan kanthi petungan kang mateng sadurunge. Mantep anggone nemtokake pilihan nduweni tujuwan supaya apa kang wis dadi pilihane kasebut ditindakake kanthi tumemen, ekhlas lan legawa kang katuduhake ing pupuh 1 pada 17.

#### c. Olah Rasa

Olah rasa ditegesi ngolah sarta nata rasa kang dirasakake ing sakupengane, bisa mangerteni lan mbedakake kang ala lan becik. Pirembungan ngenani olah rasa katuduhake ing padakaping 18 ing pupuh Dhandhanggula.

#### d. Aja Grusa Grusu

'Aja grusa-grusu' bisa ditegesi minangka tumindak kang tetep alon lan ora kesusu. 'Grusa-grusu' biasane ora mikir dawa anggone nyikapi samubarang. Pirembungan kasebut katuduhake sajrone SNS pupuh kapisan pada 20.

#### e. Ulet

Ulet mujudake sikap kang ora gampang nyerah, ora gampang nglokro kang dibarengi tekad lan niat anggone usaha lan nggayuh apa kang dadi gegayuhan sarta tujuwane. Sikap ulet sajrone SNS katuduhake ing pupuh Dhandhanggula pada kaping 22.

#### f. Prihatin (Nyuda Mangan lan Turu)

Prihatin kang bisa ditegesi nyudani mangan lan turu kasebut minangka salah sawijine piwulang kang tinemu sajrone SNS pupuh kapapat pada kaping papat.

#### Piwulang Moral Sosial

Piwulang moral sosial laras karo pranatan kang ana ing tengahing masyarakat kang ginayut karo norma moral kang ana. Moral sosial mujudake etika kang digunakake nalika manungsa urip ing bebrayan. Manungsa diarani makhluk sosial tegese manungsa ora bisa urip dhewean tanpa anane wong liya sarta mbutuhake pitulungane wong liya, mula saka kuwi manungsa minangka makhluk sosial kudu luwih nengenake kapentingan umum.

#### a. Asih Marang Sapadha

Rasa asih marang sepadha mujudake rasa tresna marang sesama. Tresna marang sapadha dumunung ing awake dheweke, mula sapa kang tresna marang sapadha manungsa iku aran tresna marang awake dheweke. Pirembungan ngenani asih marang sapadha kapethik ing pupuh kapisan pada kaping 24.



### b. Karyenak tyasing sasama

Karyenak tyasing sesama nduweni teges tumindak kang agawe atine wong liya seneng. Pirembungan iki katuduhake ing pethikan pupuh kaping 4 pada kaping 24. Babagan karyenak tyasing sesama kang tegese nggawe seneng atine liyan kuwi sajrone urip bebrayan wigati banget.

### c. Nyingkiri Tumindak Durjana

Tumindak durjana bisa ditegesi tumindak kang ala (Poerwodarminto: 1937: 72). Pirembungan ngenani tumindak durjana kang kinandhut sajrone SNS kaperang dadi telu yaiku nistha, madya lan utama. Pamerange tumindak durjana kasebut katuduhake ing pupuh kaping pindho pada kaping 10 nganti pada kaping 14.

### d. Sesambungan Raja lan Kawulane

Njaga sesambungan antarane raja lan abdine maneka werna *proses* lan carane kang nduweni tujuwan supaya sesambungan antarane raja lan abdine bisa rumaket kanthi tugas sarta kalungguhane dhewe-dhewe bisa harmonis. Sikape raja marang abdine, lan kosok baline bakla dadi pirembungan. Perangan kapisan yaiku Abdi marang Rajane yaiku Setya kang katuduhake ing pupuh kaping 2 pada kaping 31, banjur pupuh kaping 3 pada kaping 6-8. Ngiwakake kapentingan pribadi katuduhake ing pupuh kaping 2 pada kaping 32-34. Sendika dawuh katuduhake ing pupuh kaping 3 pada kaping 23-24. Aja nduweni Rasa bombong kang linuwih katuduhake ing pupuh kaping 3 pada kaping 8-10. Tanggap sasmita katuduhake ing pupuh 3 pada kaping 18-20. Bisa dipercaya katuduhake ing pupuh kaping 3 pada kaping 32.

Perangan kang kaping pindho yaiku tumindak Raja marang abdine kang kagambarake nduweni tumindak hastabrata. Tumindak hastabrata utawa wolung tumindak kang kudu diugemi tumrap raja katuduhake ing pupuh 6 pada 36-37, banjur pupuh kaping 7 nganti pada kaping 1-22.

### Piwulang Moral Agama

Piwulang moral mujadake dhasar sarta pranatan tumuju ing urip kang prayoga. Manungsa minangka makhluk kang dadi titiahi Gusti Allah kudu tansah nduweni rasa percaya marang parintah sarta larangane. Sejatine kang wis dadi parintah lan larangane Gusti. Piwulang moral agama sajrone SNS katuduhake ing ngisor iki.

#### a. Patuh Sarta Nindakake Ajaran Agama

Patuh sarta nindakake ajaran agama nuduhake sawijine tumindak kang patuh marang ajaran agama. Agama apa wae nduweni ajaran kang majibake para umate matuhi sarta nindakake ajaran kasebut. Islam minangka sawijine agama kang uga majibake para umate suoaya patuh marang apa kang dadi perintah lan larangan agama. Ajaran agama Islam kang kinandhut sajrone kitab suci Al-Quran sejatine ngemu wewarah supaya manungsa nindakake babagan sing becik lan ninggalake kang ala miturut agama sarta kitab suci. Pirembungan kasebut kaandharake

kaya ing pethikan pupuh kaping 8 pada kaping 2-4.

#### b. Iman Marang Allah sarta Nabine

Iman marang Allah sarta Nabine mujadake rasa percaya kanthi lahir utawa batin yen Allah lan Nabine kuwi ana. Rasa percaya lahir bisa katindakake kayata nyebut asma Allah sarta nindakake sembahyang, dene percaya ing batin kudu tansah eling yen Allah kang maha Agung mesthi ana neng ngendi-endi saengga ngadohi sarta nyingkiri tumindak ala. Ajaran Allah uga kudu diyakini kanthi lahir lan bain sarta diamalake kanggo prayogane urip ing bebrayan agung. Pirembungan kasebut kasebut kapethik sarta kajlentrehake ing pupuh kaping 3 pada kaping 27-28.

Yektine awing kang bngakit,  
kang awas wosing pamawas,  
kaya kang kawuwus kabeh,  
yen tan antuk wahyuning hyang,  
trahing lelatulkadar,  
yektine durung amanggguh,  
wong waskitha tanpa tapa. (P.3.27)

Kajaba mung kangjeng Nabi,  
mukhamad nayakaningrat,  
kang tuhu dutaning manon,  
yen satedhak turunira,  
praptaning jaman mangkya,  
wastu tan ana kang tiru,  
yen tan tapa puruita. (P.28)

Pethikankasebut tegese jarang kang bisa mangerteni inti kaweruh kaya kang wis dijentrehake yen ora mikolehi wahyu saka Gusti Allah, ora keturunan lailatul Qodar, kang durung tau mikolehi wong pinter sarta wicaksana tanpa tapa amung Nabi Muhammad S.A.W, utusan Allah kang bener-bener Rosul sarta para khalifahe kang nganti ing jaman saiki pinter lan wicaksana kang ora ana sing bisa niru yen ora kanthi cara tapa sarta ngabdi.

Adhedhasar pethikan pada kasebut nuduhake yen intisari kasebut ora ana kang bisa mangerteni maksude kajaba utusan Allah kang antuk wahyu sarta keturunan Lailatul Qadar sarta Nabi Muhammad kang nganti jaman saiki kapinteran sarta kawicaksanane ora ana sing bisa niru. Piwulang moral agama kang kinandhut ing pethikan iki yaiku supaya dadi wong kang tansah percaya marang anane Guti, utusane sarta ajarane. Aja dadi pawongan kang gumedha lan keminter sejatine ora ana pawongan kang sampurna, pinter sarta wicaksana saliyane Nabi Muhammad minangka utusan Allah.

#### Piwulang Kang Trep

SNS mujadake salah sawijine sastra piwulang anggitané Pangeran Karanggayam kasebut diripta ing taun 1513 Saka utawa taun 1591 Masehi. Sastra piwulang minangka wujud reiptan sastra kang ngandhut piwulang tumrap bebrayan agung mligine pawongan kang maca. Piwulang kang relevan sajrone SNS iki mujadake piwulang kang dipercaya kabenerane saengga isih

digunakake ing taun utawa jaman saliyane taun SNS kaanggit

#### a. Hastabrata

Hastabrata utawa wolung patuladhan kang kinandhut sajrone SNS dirasa minangka piwulangan kang trep. Pranyata ngenani tumindak Hastabrata uga katuduhake ing reiptan sastra kanthi irah-irahan SAP (Serat Aji Pamasa) kang dipangriptani dening pujangga R. Ng. Ranggawarsita. Hastabrata kang katuduhake ing SAP (Pedhalangan)ing lakon Wahyu Makutharama) knag kapethik ing (<https://dwiipras111.wordpress.com/2014/12/01/perilaku-ajaran-hasta-brata-wahyu-makkutha-rama/>) (diundhuh Sabtu, 19 Juni 2015)

#### b. Karyenak Tyasing Sesama

Karyenak tyasing sesame duweni teges tumindak kang agawe atine wong liya seneng. Pirembungan iki katuduhake ing pethikan pupuh kaping 4 pada kaping 24. Karyenak tyasing sesame dianggep piwulang kang trep amarga uga katuduhake ing pethikan pupuh ing serat Wedatama kaya ing ngisor iki.

Nulada laku utama,  
tumrape wong tanah jawa,  
wong agung ing ngeksiganda,  
panembahan senopati  
kepati amarsudi,  
sudane hawa lan nepsu,  
pinesu tapa brata,  
tanapa ing siyang ratri,  
amamangun karyenak tyasing sesama  
(P.2.1)

Pethikan kasebut kaya mangkene tegese. Tuladhanen tindak utama kanggo wong Jawa. Wong *Ngeksiganda* yaiku Panembahan Senopati kang tekun ngurangi hawa lan nepsu sarta prihatin sarta rina lawan wengi tansah amemangun karyenak tyasing sesama agawe seneng atine liyan. Adhedhasar pethikan kasebut piwulang ngenani *karyenak tyasing sesama* kasebut nuladhani Panembahan Senopati kang tansah tekun, ngurangi hawa nepsu sarta amemangun karyenak tyasing sesama ing sapattha titahe Gusti. Piwulang kasebut diajab bisa nyiptakake katentreman sarta santosaning negarane.

#### b. Nyingkiri Tumindak Durjana

Tumindak durjana bisa ditegesi tumindak kang ala (Poerwadarminta, 1937: 72). Tumindak kasebut saliyane ngrugikake awake dhewe uga ngrugikake wong liya saengga tumindak durjana kang wujud kepriye wae perlu disingkiri. SNS nuduhake yen tumindak durjana mujudake tumindak kang ala kang nduweni perangan tertamtu. Piwulang kasebut uga katuduhake ing

pethikan salah sawijine reiptan sastra yaiku *Suluk Marga Wiryana* pupuh Sinom. Pethikane kaya ing ngisor iki.

Temah ngecu begal ngampak,  
mathet nyerobot nayab ngutil,  
saking nora bisa nyegah,  
botohan lan seretneki,  
myang blanja maring ringgit,  
eseme owel yen mutung,  
yekti iku marganya,  
poma aja anglakoni,  
yen kelakon pacangan dadi prantean (P.2.24)

Tanpa wus yen cinatura,  
kang mesthi nistha kaswasih,  
yekti yogya nyingkirana,  
kang wus kawuwus ing ngarsi,  
nahan lumakyeng kardi,  
bisan sira angukum,  
ngukumi maring badan,  
ing badanira pribadi,  
supaya ywa keneng kukuming liyan. (P.2.25)

Pethikan pada kasebut kaya mangkene analisis. Amarga ora bisa nahan main lan ngigsep candhu, mbayar tandak pungkasa kuwatir yen eseme ilang (ditinggalne), banjur milih dalan kanthi cara ngrampok, mbegal, ngampak, nyopet lan nyolong. Tumindak kang kaya mangkono kasebut aja nganti ditindakake, amarga yen katindakake ndadekake pawongan kang antuk ukuman. Ora ana kendhate dadi gunem minangka tumindak kang nistha. Becike kabeh kang disebutake mau disingkirake, takna pakaryan kang apik-apik wae. Sira kudu mangerteni tumindak ala kasebut supaya ora diakimi liyan. Adhedhasar pethikan kasebut nuduhake yen tumindak durjana kayata ngrampok, mbegal, ngampak, nyopet lan nyolong perlu disingkiri.

#### d. Setya Marang Raja

Setya marang Raja mujudake sawijining tumindak kang kudu dilaksanakake tumrap abdi dalem utawa rakyat. Setya yaiku tansah mantep ing pasuwitane (Poerwadarminta, 1937: 561). Rasa setya marang raja kasebut katuduhake ing pupuh kaping 2 pada kaping 31. Piwulang kasebut pranyata uga katuduhake ing salah sawijine reiptan sastra yaiku *Suluk Marga Wiryana* pupuh Sinom. Pethikane kaya ing ngisor iki.

Temah ngecu begal ngampak,  
mathet nyerobot nayab ngutil,  
saking nora bisa nyegah,  
botohan lan seretneki,  
myang blanja maring ringgit,  
eseme owel yen mutung,  
yekti iku marganya,  
poma aja anglakoni,  
yen kelakon pacangan dadi prantean (P.2.24)

Tanpa wus yen cinatura,  
kang mesthi nistha kaswasih,  
yekti yogya nyingkirana,

kang wus kawuwus ing ngarsi,  
nahan lumakyeng kardi,  
bisan sira angukum,  
ngukumi maring badan,  
ing badanira pribadi,  
supaya ywa keneng kukuming liyan. (P.2.25)

Pethikan pada kasebut kaya mangkene analise. Amaraga ora bisa nahan main lan ngigsep candhu, mbayar tandak pungkasa kuwatir yen eseme ilang (ditinggalne), banjur milih dalan kanthi cara ngrampok, mbegal, ngampak, nyopet lan nyolong. Tumindak kang kaya mangkono kasebut aja nganti ditindakake, amarga yen katindakake ndadekake pawongan kang antuk ukuman. Ora ana kendhate dadi gunem minangka tumindak kang nistha. Becike kabeh kang disebutake mau disigkirake, tidakna pakaryan kang apik-apik wae. Sira kudu mangerteni tumindak ala kasebut supaya ora diakimi liyan.

Adhedhasar pethikan kasebut nuduhake yen tumindak durjana kayata ngrampok, mbegal, ngampak, nyopet lan nyolong perlu disinghiri. Tumindak kasebut saliyan ngrugikake awake dhewe lan uga pawongan liyane. Sadurunge tumindak kang ala kasebut diakimi lan antuk pidana saka wong liya, luwih becik yen kita mangerteni ngenani alane tumindak kasebut saengga aja nganti nindakake sarta aja nganti oleh pidana saka wong liya

#### e. Prihatin (Nyuda Mangan lan Turu)

Prihatin mujudake sawijine wewatekan kang kudu dinduweni tumrap manungsa yen pengin nggayuh kekepareane. Prihatin kanthi cara nyuda anggane mangan lan turu minangka cara tirakat kang mujudake salah sawijine tuladha piwulang moral pribadi. piwulang kasebut uga katuduhake ing pethikan sawijine pada yaiku ing Serat Wedatama kaya iki pethikane.

Samangsane pasamuwan,  
mamangun marta martini,  
sinambi ing saben mangsa,  
kala kalaning asepi,  
lelana teki-teki,  
nggayuh geyonganing kayun,  
kayungyun eningt tyas,  
sanityasa pinrihatin,  
puguh panggah cegah dhahar lawan nendra  
(P.2 2)

Pethikan kasebut kaya mangkene tegese. Saben aneng pasamuwan, nyiptakake rasa sumringah lair batin kanthi sikap kang sabar. Sawetara kuwi ing saben pasamuwan, ing wayah ora ana penggaweyan, nglelana nindakake tapa, nggayuh pepinginan. Atine digawe prihatin kanthi nyegah mangan sarta turu.

Pethikan pada pupuh *Sinom* kasebut nggambarake yen pangripta menepi piwulang yaiku yen pengin kasembadan apa kang dadi kekepareane, kudu tansah prihatin, eleng marang Sang Kuwasa kanthi cara nyegah mangan sarta turu. Nyegah mangan bisa ditegesi nindakake pasa dene nyegah turu ateges aja turu ing wayah sore. Sarana cara kang kaya mangkono

kasebut bisa ndadekake ati lan pikiran tansah eling lan nyenyuwun marang Gusti.

## PANUTUP

### Dudutan

Andharan ngenani piwulang sajrone SNS kanthi tintingan sosiologi sastra kang kapisan bisa didudut telung perangan. Kapisan deskripsi SNS. Mbarang ngenani pangripta, wujud sarta ringkisan SNS. SNS dipangriptani dening Pangerang Karanggayam ing taun 1513 saka. SNS mujudake salah sawijine reiptan sastra Jawa klasik kang antuk kawigaten saka Pamerintah saengga ing taun 1979 SNS dialih aksarakake dening Kamajaya banjur didadekake buku awujud terbitan ilmiah kanthi proyek Penerbitan Buku Wacan Sastra Indonesia lan Daerah. SNS kasusun ana 8 pupuh lan gunggung ana 250 pada. SNS ngandhutpiwulang ngenani tata krama tumrap pawongan kang urip ing tengahing masyarakat, tumrap para abdi sarta kepriye tata krama sarta solah bawa kang kudu ditindakake tumrap raja minangka panguwasa supaya samubarang kang dadi gegayuhan bisa kasembadan .

Andharan kaping pindho ngenani struktur teks SNS. SNS kang awujud tembang macapat nduweni struktur lair lan batin. Struktur laire arupa kahanan wujud teks yaiku tembang macapat kang nduweni telung paugeran ing antarane guru gatra, guru lagu lan guru wilangan. Struktur batin ngandharake ngenani watak lan panganggone tembang kang nduweni pambada ing saben jinise.

Andharan kaping telu ngenani piwulang kang kinandhut sajrone SNS. Piwulang kang kinandhut ing antarane yaiku piwulang moral pribadi kang gegayutan lawan dirine pribadi, kepriye tata krama sarta solah bawa supaya dadi pawongan kang luhur bebudene. Kaping pindho piwulang moral sosial kang gegayutan lawan wong liya. Ing SNS piwulang moral sosial katuduhake kepriye sesambungan antarane abdi lawan rajane lan kosok baline. Tumindak kang kudu ditrapake nalika dadi abdine raja supaya raja bungah lan percaya marang pangabektene. Saliyan kuwi yaiku tumindak kang kudu ditrapake tumrape raja kang nduweni kuwasa tumrap negarane kang nduweni tujuwan makmurake lan sentosane negarane kang sinebut *Hastabrata*. Piwulang-piwulang kang kinandhut sajrone SNS dirasa piwulang kang trep amaraga ana saperangan piwulang kang uga kaserat ing reiptan sastra Jawa liyane kaya dene Serat Ajipamasa, Serat Wulang Reh, Serat Wedatama, lan Suluk Marga Wirya.

### Pamaryoga

Bab kang kawedhar ing panliten SNS mung salah siji perangan kang dianggep onjo lan narik kawigaten panliten nanging sejatine akeh aspek kang isih bisa diteliti kanthi nggunakake tintingan kang beda. Mula saka kuwi, kang dikarepake panliten ing kene yaiku panliten liya bisa nliti objek kang padha

kanthi luwih jero nggunakake aspek-aspek kang maneka warna. Panliti nduweni tujuwan tumrap panliten iki supaya nyengkuyung pangrembakane kasusastran Jawa. Panliten iki dikarepake bisa menehi referensi lan mbiyantu tumrap panliten sabanjure kang saemper supaya bisa luwih jangkep lan ngrembaka

#### KAPUSTAKAN

- Achmad, Sri Wantala. 2013. *Falsafah Kepemimpinan Jawa Soeharto, Sri Sultan HB IX & Jokowi*. Yogyakarta: Araska.
- Any, Anjar. 1983. *Wedotomo*. Semarang: CV. Aneka Ilmu.
- Bangkit Irmanudin Bahri. 2013. “*Refleksi Etika Jawa Sajrone Reriptan Sastra Jawa Klasik, Studi Teks lan Konteks Serat Wira Iswara*”. S1 Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah.
- Damono, Supardi Djoko. 1978. *Sosiologi Sastra*. Jakarta: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa Departemen Pendidikan dan Kebudayaan.
- Darusuprpto. 1992. *Serat Wulang Reh*. Surabaya: Citra Jaya Murti.
- Endraswara, Suwardi. 2008. *Metode Penelitian Sastra; Epistemilohi, Model, Teori dan Aplikasi*. Yogyakarta: Media Pressindo.
- Hasbullah. 2005. *Dasar-Dasar Pendidikan*. Jakarta: Rajagrafindo Persada.
- Jayadiningrat, Raden Mas Riya. 1981. *Serat Wulang*. Jakarta: Departemen Pendidikan dan Kebudayaan Proyek Penerbitan Buku Sastra Indonesia dan Daerah.
- Jazilatul Rakhmah. 2013. “*Piwulang Sajrone Serat Wasita Basa (Tintingan Filologi)*”. S1 Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah Unesa.
- Luxemburg, Jan Van. 1989. *Pengantar Ilmu Sastra*. Jakarta: Gramedia.
- Nurgiyantoro, Burhan. 2007. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.
- Padmosoekotjo, S. 1953. *Ngrengrengan Kasusastran Djawa*. Yogyakarta: Soejadi.
- Pangeran Karanggayam lan Kamajaya. 1979. *Serat Nitisruti*. Jakarta: Departemen Pendidikan lan Kebudayaan.
- Poerwodarminto, WJS. 1939. *Bausastra Djawa*. Jakarta: J. B. Wolters' Uitgevers utawa Maatchappi N. V. Groningen
- Pradopo, Rachmad Djoko. 2009. *Pengkajian Puisi*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.
- Pradopo, Rachmad Djoko dkk. 2011. *Metode Penelitian Sastra*. Yogyakarta: PT. Hanindita Graha Widia.
- Purnomo, S. Bambang. 2011. *Kesastraan Jawa Pesisiran*. Surabaya: CV. Bintang.
- \_\_\_\_\_. 2013. *Filologi dan Studi Sastra Lama*. Surabaya. Perwira Media Nusantara
- Ratna, Nyoman Kutha. 2013. *Teori, Metode dan Teknik Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Recoufer, Paul. 2012. *Hermeneutika Ilmu Sosial*. Bantul: Kreasi Wacana.
- Reni Laila Wati. 2014. “*Piwulang Agama Sajrone Naskah Kitab Thareq*”. S1- Pendidikan Bahasa dan Sastra Jawa Unesa.
- Rosyid, Akhad Dimiyati. 2004. *Kunci Sukses Pendidikan Masa Kini*. Surabaya: Roddas Media.
- Saputra, Karsono H. 2005. *Percik-Percik Bahasa dan Sastra Jawa*. Jakarta: Wedatama Widya Sastra.
- \_\_\_\_\_. 2009. *Puisi Jawa (Struktur dan Estetika)*. Jakarta: Wedatama Widya Sastra.
- Sudaryanto lan Pranowo. 2011. *Kamus Pepak Basa Jawa*. Yogyakarta: Badan Pekerja Kongres Bahasa Jawa.
- Sugiono. 2008. *Metode Penelitian Kuantitatif Kualitatif dan R & D*. Bandung: Alfabeta.
- Sumaryono. 1992. *Hermeneutik Sebuah Metode Filsafat*. Yogyakarta: Kanisius.
- Susantina, Sukatmi. 2009. *Tembang Macapat*. Yogyakarta: Panji Pustaka.
- Suseno, Franz Magnis. 2003. *Etika Jawa: Sebuah Analisa Falsafat Tentang Kebijakan Hidup Jawa*. Jakarta: Gramedia Pustaka Utama.
- Sutejo lan Sugiyanto. 2010. *Apresiasi Puisi*. Yogyakarta: Pustaka Felicha.
- Suwarni. 2007. *Sastra Jawa Pertengahan*. Surabaya: Bintang Surabaya.
- Syuropati, Muhammad A. 2015. *Kumpulan Mutiara Kearifan Jawa*. Yogyakarta: Syura Media Utama.
- Teeuw, A. 1988. *Sastra dan Ilmu Sastra; Pengantar Teori Sastra*. Jakarta: PT. Girimukti Pustaka
- Tim Penyusun Balai Bahasa Yogyakarta. 2005. *Kamus Basa Jawa (Bausastra Jawa)*. Yogyakarta: Kanisius.
- Tirtaraharja, Umar lan La Sulo, S. L. 2005. *Pengantar Pendidikan*. Jakarta: Rineka Cipta.
- Vivin Novelina Herawati. 2010. “*Suntingan Teks lan Piwulang Moral Sajrone Naskah Serat Wulang Sunu Versi Pacitan*”. S1- Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah Unesa.
- Waluyo, Herman J. 2005. *Apresiasi Puisi, untuk Pelajar dan Mahasiswa*. Jakarta: PT. Gramedia Pustaka Mandiri.
- Wellek, Rene lan Austin. 1990. *Teori Kasusastran*. Jakarta: PT. Gramedia.
- <http://365ceritarakyatindonesia.blogspot.com/2013/05/kata-kata-motivasi-part-2.html> (diunduh Kemis, 9 April 2015)
- <http://geo.fis.unesa.ac.id/web/index.php/en/pkl/223-masyarakat-jawa-dan-kehidupannya> (diunduh Kemis, 9 April 2015)
- <http://dwipras111.wordpress.com/2014/12/01/perilaku-ajaran-hasta-brata-wahyu-makkutha-rama/> (diunduh Sabtu, 19 Juni 2015)
- <https://narsulin.wordpress.com/2012/03/10/ajaran-hasta-brata-dalam-serat-aji-pamasa/> (diunduh Sabtu, 19 Juni 2015)